

REZIME NAN LANGAJ KLÈ SOU POLITIK ÈD FINANSYE POU SWEN SANTE

Apèsi

Kont teni de misyon li pou amelyore sante kominote li yo, avèk yon ensistans espesyal sou pòv yo ak moun ki mal sèvi yo, epi nan lespri ministè gerizon Jezi a, Bon Secours Mercy Health pran angajman pou li bay èd finansye ak pasyan li yo. Sa se yon rezime Politik Èd Finansye pou Swen Sante (Healthcare Financial Assistance, HFA) Bon Secours Mercy Health Care.

Disponibilite Rezime Èd Finansye

Kalifikasyon pou èd finansye a detèmine dapre kapasite pasyan an oswa garan pasyan an pou peye apre yo fin itilize tout resous ki disponib yo ak apre yo fin evalye tout pwogram èd ki disponib yo. Èd finansye disponib pou ijans ak lòt swen ki gen neseseite medikal ke lopital Bon Secours Mercy Health yo bay (ak sèten lòt founisè) pou pasyan ki pa asire ak pasyan ki manke asire k ap viv nan kominote lopital Bon Secours Mercy Health lan sèvi, epi ki gen revni fanmi an ki pa depase kat fwa Gid Federal sou Povrete yo (Federal Poverty Guidelines, FPG).

Kondisyon pou Kalifikasyon

Yo detèmine èd finansye a anjeneral dapre yon echèl frè varyab pou revni total fwaye a baze sou FPG an. Moun ki kalifye pou èd finansye dapre Politik nou an avèk yon nivo revni ki nan 200% FPG oswa pi ba, yo resevwa swen gratis. Moun ki gen yon nivo revni soti nan 201% jiska 300% FPG, epi 301% jiska 400% FPG, nan menm lòd la, yo resevwa swen ak rabè baze sou yon echèl frè varyab, jan sa endike nan Politik la. Selon modifikasyon ki fèt nan pensipal frè a, yo fè pou chak mache yon mizajou chak ane nan pousantaj byen presi yo pou rabè yo pou nivo revni 201%-300% FPG, ak 301% a 400% FPG yo.

Yo pap chaje pou swen dijans oswa lòt swen ki gen neseseite medikal okenn moun ki kalifye pou èd finansye dapre politik HFA an plis pase Montan Yo Chaje Anjeneral pou moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo. Si yon moun gen ase kouvèti asirans oswa byen ki disponib pou peye pou swen yo, yo ka konsidere li pa kalifye pou èd finansye. Pou pasyan ki pa asire sa yo ki pa kalifye pou okenn rabè èd finansye ki dekri nan politik HFA an, Bon Secours Mercy Health ofri yon rabè otomatik (peye yomenm) sou bòdwo lopital yo a. Tanpri gade nan Politik HFA konplè a pou jwenn yon eksplikasyon konplè.

Konsènan Pwosesis Aplikasyon an

Pwosesis pou aplike pou èd finansye dapre Politik HFA nou an gen etap sa yo ladan:

- Ranpli Fòm Aplikasyon HFA an epi mete dokiman sipò obligatwa yo.
 - Nou egzamine revni ou ak gwosè fanmi ou pou detèmine nivo èd ki disponib pou ou. Nou itilize yon echèl frè varyab, baze sou FPG ki endike anwo a.
 - Nou mande ou dwe toudabò eksplòre kalifikasyon pou kèk kalite avantaj asirans ki ta kouvri swen ou yo (sètadi konpansasyon travayè, asirans oto, elatriye) Nou ka ede dirije ou nan resous ki apwopriye yo.
- Nou pral kontakte ou pou di ou si ou kalifye pou èd finansye dapre Politik HFA nou an.
- Nou ka ede ou fè aranjman pou yon plan peman pou nenpòt rès frè oswa bòdwo ki pa kouvri nan Politik HFA nou an.
 - Yon plan peman pral konsidere sityasyon finansye ou pou fikse peman ou kapab jere.

Kikote pou Jwenn Enfòmasyon

Pou jwenn yon kopi Politik HFA nou an ak Fòm Aplikasyon HFA an, ansanm ak enfòmasyon sou pwosesis aplikasyon pou èd finansye a, ou kapab: (i) ale sou sit entènèt nou an nan www.bsmhealth.org/financial-assistance, ak www.fa.bonsecours.com, oswa (ii) kontakte Sèvis Finansye Pasyan yo nan telefòn nan 1-877-342-1500, (iii) voye yon demann pa lapòs bay Bon Secours Mercy Health Financial Aid, PO. Box 631360, Cincinnati OH 45263-1360, oswa (iv) kontakte konseye finansye nou yo an pèsòn nan nenpòt nan anplasman lopital nou yo (gade nan Politik HFA konplè a pou jwenn yon lis konplè etablisman yo ansanm ak adrès yo).

Nou akeyi tout gwo popilasyon Bon Secours Mercy Health bay sèvis ki gen konpetans limite nan lang Anglè; pou fè sa, nou tradui kopi Politik HFA nou an, fòmilè Aplikasyon an, ak Rezime sa a nan lang prensipal popilasyon sa yo pale. Nou ka chwazi tou pou nou founi èd pou tradiksyon, gid pou tradiksyon, oswa bay èd an pasan pa itilizasyon entèprèt kalifye ki pale de lang.